

**KABUTUHAN AKTUALISASI DHIRI PARAGA UTAMA SAJRONE NOVEL ROMAN  
BEGJANE RUSTAM ANGGITANE PAK MET**

(Tintingan Psikologi Humanistik Abraham Maslow)

**DYAH YUNITA ROHMAH**

Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah  
Fakultas Basa lan Seni  
Universitas Negeri Surabaya

yuanitadyah@yahoo.com

**ABSTRAK**

Kabeh manungsa mesthi nduweni kabutuhan *aktualisasi dhiri* ing dhirine. Kabutuhan *aktualisasi dhiri* mujudake salah siji saka saperangan problem sajrone kajiwane paraga. Kabutuhan *aktualisasi dhiri* ing bebrayan Jawa pranyata narik kawigaten pengarang dilebokake minangka prakara sajrone karya sastra. Salah sawijine karya sastra kasebut yaiku novel *Begjane Rustam* anggitané Pak Met. Adhedhasar andharan kasebut, novel *Begjane Rustam* iki narik kawigaten kanggo diteliti mawa tintingan psikologi Humanistik Abraham Maslow. Uderan panliten iki yaiku kepriye (1) wujud *kabutuhan aktualisasi dhiri* (2) panyebab mujudake *kabutuhan aktualisasi dhiri* (3) upaya nyukupi *kabutuhan aktualisasi dhiri* (4) pepalang nalika mujudake *kabutuhan aktualisasi dhiri*.

Tujuwane panliten iki yaiku ngandharake (1) wujud *kabutuhan aktualisasi dhiri* (2) panyebab mujudake *kabutuhan aktualisasi dhiri* (3) upaya nyukupi *kabutuhan aktualisasi dhiri* (4) pepalang nalika mujudake *kabutuhan aktualisasi dhiri*. Dene paedhahe panliten iki yaiku bisa kanggo (1) ngrembakakake sastra Jawa modern sing mligine kang ngandhut psikologi kapribaden lan bisa menehi sumbangsih marang ilmu-ilmu pendhidhikan basa lan sastra Jawa (2) nambah wawasan yen riptan sastra kayata novel ora mung kanggo bahan wacan ning nduweni paedha kayata bisa dadi kaca benggalane manungsa ing bebrayan nyata saka perkara-perkara sajrone crita (3) bisa menehi kawruh ngenani sastra lan riptan sastra saengga bisa mangerteni riptan sastra mligine novel kanthi migunakake tintingan psikologi sastra.

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku tintingan psikologi humanistik Abraham Maslow. Dene metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif analitik kanthi pendekatan kualitatif. Sumber dhata arupa novel *Begjane Rustam* anggitané Pak Met. Dhata panliten iki yaiku pethikan ukara sajrone novel *Begjane Rustam* anggitané Pak Met. Dene tata cara nglumpukake dhata yaiku kanthi teknik kapustakan lumantar maca, ngumpulake dhata, milah lan nggolongake dhata. Tata cara ngandharake dhata digunakake metodhe dheskriptif analitik kanthi pendekatan kualitatif lumantar tintingan psikologi humanistik Abraham Maslow.

Asile panliten iki kaperang dadi papat. (1) wujud *kabutuhan aktualisasi dhiri* miturut Abraham Maslow sajrone novel *Begjane Rustam* yaiku *kabutuhan aktualisasi dhiri* lumantar mandhiri saka lingkungan, rasa paseduluran, mawas kaanan lan tepa slira. Paraga utama pranyata luwih nengenake *kabutuhan aktualisasi dhiri* lumantar mandhiri saka lingkungan. (2) panyebab mujudake *kabutuhan aktualisasi dhiri* kaperang dadi telu yaiku anane rasa kuwatir, wedi lan rasa riku. Rasa kuwatir kang luwih ditengenake dening paraga utama. (3) upaya nyukupi *kabutuhan aktualisasi dhiri* kaperang dadi enem yaiku urip mandhiri, gelem srawung, menging liyan, ngelingake liyan, njaluk pangestu lan ndonga marang Gusti. (4) pepalang nalika mujudake *kabutuhan aktualisasi dhiri* ana telu yaiku wragad urip, meruhi wewadi lan anane tudingan.

**Tembung wigati:** *Kabutuhan aktualisasi dhiri, Psikologi humanistik.*

## PURWAKA

### Landhesan Panliten

Sastra minangka sawijining wujud gegambaran imajinatif, khayalan, ekspresi lan pamikiran-pamikirane manungsa kang ditujokake kanggo ngandharake ide-ide lan gagasan kang diwedharake sajrone basa kang asifat endah lan ngandhut karya seni. Reriptan sastra diciptakake sastrawan kanggo dinikmati, dipahami, lan dimanfaatake dening masyarakat. Reriptan sastra bisa diarani reriptan kang endah lan nduweni nilai sastra berbobot gumantung saka anggone ngripta.

Ana saperangan pangripta kang mujudake reriptan sastrane minangka wujud fiktif gegambaran panglipure ati. Kaya dene isen-isene crita yaiku gagasane crita, asmane lakon, papan dununge, panggonane lakon, asmane pacangane, asmane kancane, asmane paraga utama, lan sapanunggalane kang digambarake minangka wujud khayalane pangripta. Nanging uga akeh pangripta kang ngandharake bab reriptane iku digayutake karo kenyataan. Yaiku lumantar gegambaran manungsa lan prakara panguripan kang diadhepi. Reriptan sastra uga bisa kawawas minangka gegambaran geja-gejala sosial ing sawijining wektu nalika reriptan sastra kasebut diripta, yaiku saka gegambaran prakara kang ana. Adopsi utawa gegambaran saka kasunyatan panguripan sajrone reriptan fiksi kasebut minangka asil kreatifitas pangripta. Saka kreatifitas kasebut ndadekake sawijining reriptan sastra utamane kang arupa fiksi tuwuh kanthi apa anane.

Reriptan sastra umume awujud tulisan kang dicethak sing banjur diarani sastra tulis, dene sastra kang ora tinulis utawa kacethak diarani sastra lisan. Reriptan sastra mujudke sawijining karya kang asifat *imajiner* lan *estetis*. Akhir-akhir iki, akeh reriptan sastra kang awujud cerita fiksi utawa reriptan sastra kang awujud cerita khayalan. Kayata novel, cerkak, cerbung, roman lan liya-liyane.

Sajrone reriptan sastra akeh perkara-perkara utawa konflik kang diandharake pangripta. Konflik kasebut akeh ditemoni lan diadhepi dening manungsa sajrone uripe lan nduweni sesambungan antarane manungsa siji lan manungsa liyane kang ora bisa dipisahake. Kayata aspek-aspek *psikologis* ing karya sastra kang ana gayutane karo perkara-perkara sajrone panguripane manungsa. Saliyane iku sastra uga bisa dadi kaca benggala tumrap manungsa sajrone uripe. Kayata sikap, solah bawa, kawruh, pananggap, pangrasa, *imajinasi*, sarta *spekulasi* ngenani manungsa kang kaamot sajrone reriptan sastra kasebut.

Cundhuk marang apa kang diandharake Wellek lan Werren (1995: 199) kang ngandharake menawa sastra kuwi kaca benggala lan wujud ekspresi panguripane manungsa. Bisa dingerteni yen karya sastra ora dipangaribawani dening panguripan, nanging bisa dadi kacabenggala sajrone urip lan panguripan. Prastawa-prastawa kang diandharake dening pangripta sajrone nulis reriptan sastrane uga kajupuk saka apa kang dumadi ing masyarakat.

Pangripta Jawa ora saithik kang ngasilake karya sastrane kanthi aspek-aspek *psikologis* kang ana gayutane karo perkara-perkara sajrone panguripane manungsa. Kaya dene pangripta Jawa kang aran Pak Met. Pak Met minangka pangripta Jawa kang kalebu isih anyar. Pak Met lair ing kutha cilik Wonosobo, taun 1959. Pak Met asma asline yaiku S. Sukoyo, Yoyok "Tambi" lan asring disapa Pak Met. Pak Met minangka salah sawijining pawongan kang nduweni jabatan minangka motivator ing perusahaan swasta kang aran Tambi.

Pak Met paling seneng maca buku bab Psikologi. Novel fiktif sastra lawas apa maneh roman sejarah sing paling ditresnani dening Pak Met, nganti-nganti dheweke rumangsa yen nalika maca kaya-kaya urip sajroning kahanan novel kang kawaca kasebut. Pak Met minangka pawongan sing wis seneng maca wiwit kelas 1 SD tahun 1965. Dheweke sepisanan seneng maca novel-novel fiktif utawa non fiktif. Pak Met nduweni gagasan nulis novel fiktif basa Jawa, amarga miturute novel fiktif basa Jawa wis meh ora ana sing anyar, angel goleke. Pak Met wiwit nulis naskah kang sepisan ing taun 2015. Novel roman *BR* iki minangka karyane kang sepisan. Novel kasebut ditulis kanthi kahanan wektu semono, yaiku nalika dheweke ngancik dadi kanoman dhiwasa taun 1975an.

Novel *BR* kasebut minangka pamikiran lan gegambaran kang dilakoni nalika dheweke ngayahi jejibahan saka kutha cilik menyang kutha gedhe kayata Ngayogyakarta lan Surabaya. Dheweke nggambarake sajrone novel kasebut kayata gagasan crita, asmane lakon, papan dununge, lan panggonane lakon, asmane pacangane, asmane kancane, asmane wong sing tetulung marang Paraga Utama Rustam minangka wujud gegambaran fiktif lan khayalane Pak Met. Kaya sing wis dakandharake mau yen ta Pak Met paling seneng maca buku bab psikologi, mula ora diselak yen ta sajrone reriptane ngandhut bab-bab psikologis kang

kagambarake saka sikap lan tumindake paraga sajrone novel roman *BR* iki.

Novel Roman sing irah-irahane *BR* anggitane Pak Met, kapilih dadi objek sajroning panliten iki amarga novel roman kasebut onjo sajroning babagan psikologise paraga utamane. Novel roman *BR* nggambarake paraga utama kang mandhiri. Paraga utama tansah ngupaya kanggo nyukupi kabutuhan lan kabagyan uripe supaya bisa sukses. Wujud saka gegambaran sikape paraga utama, sejatine minangka proses *aktualisasi* dhiri.

Maslow (Sajrone Koeswara, 1991:1250 ngandharake yen *aktualisasi* dhiri ora mung arupa proses ngripta reriptan-reriptan adhedhasar bakat utawa kabisan khusus, kaya manungsa kang nduweni kabisan ing bidang musik ngripta komposisi musik, sawijining manungsa kang nduweni potensi intelektual dadi sawijining ilmuwan lan liya-liyane. *Aktualisasi* dhiri uga bisa ditindakake dening manungsa tuwa, mahasiswa, dosen, sekretaris, apadene buruh, yaiku kanthi cara nindakake tumindak kang becik, pener, lan bener cundhuk utawa slaras karo bidhang lan jebibahane dhewe-dhewe. Maslow (Sajrone Alwisol, 2014:208) uga ngandharake yen *aktualisasi* dhiri asipat alamiyah, sing diduweni manungsa wiwit lair.

Panliten iki nyoba nggunakake pamawas teori psikologi humanistik kaya kang diandharake dening Abraham Maslow. Ing kono, *psikologi humanistik* nyoba nintingi proses uripe manungsa. *Psikologi humanistik* ngugemi *prespektif optimistik* kang ana gayutane marang sipat alamiyah kang minangka sipat gawane manungsa. Sajrone *psikologi humanistik*, manungsa nduweni tanggung jawab marang tumindak sajrone uripe. Manungsa uga nduweni kamerdikan lan pepenginan kanggo ngowahi sikap lan tumindake kanggo panguripane.

Irah-irahan *Aktualisasi Dhiri Paraga Utama sajroning Novel Roman Begjane Rustam Anggitane Pak Met: Titingan Psikologi Humanistik Abraham Maslow* dak pilih, amarga sajrone novel roman Begjane Rustam kang karingkes dadi *BR* iki minangka salah sawijine reriptan sastra Jawa modern kang ngandharake perkara kajiwane manungsa. Novel roman *BR* menehi gegambaran tumrap paraga utama Rustam kang ngalami konflik sajrone proses nggoleki jati dhiri. Paraga utama nindakake proses *aktualisasi* dhiri sajrone ngadu nasib ing kutha gedhe. Dheweke nyoba urip mandhiri kanggo

nyukupi kabutuhan sekolah lan uripe sabendinane.

Wujud *aktualisasi* dhiri uga digambarake pangripta lumantar kahanan sosial kang diandharake sajrone crita. Banjur lumantar kasuksesane paraga utama nalika ngrintis usaha bebarengan karo kinasih. Saliyane iku wujud kabutuhan *aktualisasi* dhiri uga kaweruhan nalika paraga utama sajrone nggayuh pepenginane lan ngrintis usahane ing kutha gedhe tansah nemoni pepalang lan prekara-prekara. Wujud kabutuhan *aktualisasi* dhiri paraga utama kang onjo tinimbang kabutuhan-kabutuhan liyane, mula saka iku novel roman iki narik kawigaten kanggo ditliti.

Panliten bakal ngonceki novel roman *BR* kanthi luwih njlimet ngenani kapribadene paraga utama kang nandang kabutuhan-kabutuhan sing mujudake proses *aktualisasi* dhiri sajrone ngadu nasib, ngupayakake kasuksesan sajrone uripe. Saliyane iku panliten bakal ngudhari kepriye anggane paraga utama mungkasi prekara sajrone uripe. Wujud *aktualisasi* dhiri iku minangka salah siji saka saperangan problem sajrone kajiwane paraga. Wujud *Aktualisasi* dhiri kang ana sajrone novel kasebut, bakal dititingi kanthi titingan psikologi sastra mligine kanthi teori psikologi humanistik Abraham Maslow babagan kabutuhan *aktualisasi* dhiri. Teori kasebut kaajab bisa dadi sesuluh sajrone medharakade aspek psikologise paraga utama sajrone novel iki.

Teori psikologise Abraham Maslow kalebu *paradigma traits* amarga teori iki nemtokake wigatine peran kabutuhan anggane mujudake kapribaden (Alwisol, 2014:199). Maslow merang peran kabutuhan sing nduweni karakter motivasi dadi limang perangan yaiku fisiologis (physiological), rasa tentrem (safety), rasa tresna lan kaanan (love and belongingness), pangaji (esteem), lan aktualisasi dhiri (self actualication). Saka kalima perangan kasebut, panliten iki mung winates ing bab aktualisasi dhiri.

### Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesane panliten, banjur underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye wujud kabutuhan *aktualisasi* dhiri kang ditumindakake dening paraga utama sajrone novel roman *BR*?
- 2) Apa kang dadi sababe paraga utama mujudake kabutuhan *aktualisasi* dhiri sajrone novel roman *BR*?
- 3) Kepriye upayane paraga utama kanggo nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhiri sajrone novel *BR*?

- 4) Apa wae pepalang kang ana nalika paraga utama ngupaya kanggo nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhiri sajrone novel *BR*?

#### Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing dhuwur panliten iki nduweni ancas yaiku:

- 1) Ngandharake wujud kabutuhan *aktualisasi* dhiri kang ditumindakake dening paraga utama sajrone novel roman *BR*
- 2) Ngandharake problem paraga utama mujudake kabutuhan *aktualisasi* dhiri sajrone novel roman *BR*
- 3) Ngandharake upayane paraga utama kanggo nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhiri sajrone novel *BR*
- 4) Ngandharake pepalang kang ana nalika paraga utama ngupaya kanggo nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhiri sajrone novel *BR*

#### Paedahe Panliten

Asil saka panliten iki dikarepake bisa weneh saperangan paedah kayata:

- 1) Tumrap sastra Jawa modern bisa kanggo ngrembakakake sastra Jawa modern, mligine kang ngandhut psikologi kapribaden lan bisa menehi sumbangsih marang ilmu-ilmu pendhidhikan basa lan sastra Jawa.
- 2) Tumrap pasinaon sastra bisa nambah wawasan yen riptan sastra kayata novel ora mung kanggo bahan wacan ning nduweni paedah kayata bisa dadi kaca benggalane manungsa ing bebrayan nyata saka perkara-perkara sajrone crita.
- 3) Tumrap pamaca bisa menehi kawruh ngenani sastra lan riptan sastra saengga bisa mangerteni riptan sastra mligine novel kanthi migunakake tintingan psikologi sastra.

#### Wewatesane Tetembungan

- 1) Psikologi Sastra  
Psikologi sastra minangka tintingan sastra kang mandeng riptan sastra minangka aktivitas jiwa (Endraswara, 2013:96).  
Psikologi sastra minangka perkara manungsa kang nggambarake potret jiwa (Minderop, 2013:59).
- 2) Psikologi Humanistik  
Psikologi humanistik yaiku gegambaran manungsa minangka titah kang mardika lan nduweni martabat sarta tansah nduweni daya upaya kanggo medharake kabeh potensi kang dadi darbeke (Koeswara, 1991:109).

- 3) Psikologi Kapribaden Humanistik Abraham Maslow

Teori Abraham Maslow kalebu *paradigma traits* amarga teori iki nemtokake wigatine peran kabutuhan anggane mujudake kapribaden (Alwisol, 2014:199).

Teori kapribaden Abraham Maslow ngandharake yen manungsa nduweni limang tataran kabutuhan. (1) Kabutuhan fisiologis, (2) Kabutuhan Marang Rasa Aman, (3) Kabutuhan Rasa Tresna lan Rasa Nduweni, (4) Kabutuhan Marang Harga Dhiri, lan (5) Kabutuhan kanggo Aktualisasi Dhiri, Maslow (Sajrone Feist, 2011:332).

- 4) Kabutuhan *Aktualisasi* Dhiri

Kabutuhan *aktualisasi* dhiri minangka kabutuhane manungsa kang paling dhuwur. Kabutuhan *aktualisasi* dhiri minangka gegayuhan marang kabeh kabisane manungsa-kabutuhan marang sifate manungsa, *kapasitas* lan pangrembakane kabisan (Minderop, 2013:307).

- 5) Paraga

Paraga yaiku pawongan kang ana sajroning riptan fiksi sing digambarake dening pamaos kanthi nduweni nilai moral lan pakulinan tartamtu kang kawedhar nalika guneman utawa tumindak. (Abram sajrone Nurgiyantoro, 2010:165)

- 6) Novel

*Novella* lan *novella* ngandhut pangerten kang padha karo istilah Indonesia novelet (Inggris:novelette) kang ateges sawijine riptan prosa fiksi kang dhawane sedhengan, ora sepira dhawa, ananging ora sepira cendhek. Novel bisa ngandharake samubarang kanthi wiyar, nyajekake samubarang kanthi luwih akeh, luwih rinci, luwih detil, lan luwih akeh nglibatake saperangan perkara kanthi luwih cetha (Nurgiyantoro, 2010:10).

- 7) Novel Roman

Novel Roman yaiku cerita prosa kang nggambarake pengalaman-pengalaman batin saka saperangan pawongan sing ana kaitane siji lan liyane ing siji kurun wektu. Novel roman uga nyritakake paraga wiwit lair nganti matine lan luwih akeh nggambarake kabeh panguripane paraga, mangerteni sipat wateke paraga, lan nggambarake ing sakupenge papan panguripane, Leeuwen (Sajrone Nurgiyantoro, 2010:15).

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten sastra mligine psikologi sastra wis akeh ditemoni. Panliten saemper kang wis ditindakake, kaya ing ngisor iki.

- 1) Skripsine Trias Setyaningsih (2011) kanthi irah-irahan *Aktualisasi Dhiri Paraga-Paraga Utama sajrone Kumpulan Cekak Pulo Asu Anggitane Herwanto: Tintingan Psikologi Humanistik Abraham Maslow*. Panliten iki nganalisis paraga-paraga sajrone cekak *Pulo Asu* kang nindakake proses *aktualisasi dhiri*.
- 2) Skripsine Edi Susanto (2016) kanthi irah-irahan *Kabutuhan Rasa Aman Paraga Utama sajrone Cerbung Srengenge Tengange Anggitane Narko Budiman: Tintingan Psikologi Humanistik Abraham Maslow*. Panliten iki nganalisis paraga utama kang mbutuhake anane rasa aman saka prekara sajrone bale wismane.
- 3) Skripsine Linta Dwi Rahmawati (2016) kanthi irah-irahan *Rasa Tentrem sajrone Cerbung Nrima ing Pandum Anggitane Sutarmanto: Tintingan Psikologi Humanistik Abraham Maslow*. Panliten iki nganalisis paraga utama kang mbutuhake rasa tentrem sajrone uripe.

Panliten saemper kang wis kaandharake mau, katelune padha-padha migunakake objek cerita utawa sumber dhata kang dudu novel, apamaneh novel kang awujud roman. Objek utawa sumber dhata kang beda sing sekiraku bisa ndadekake panliten iki ora mirip karo panliten liyane. Mula perkara panliten iki kang ndadekake pambada karo panliten-panliten kang wis ana sadurunge masiya panliten-panliten sadurunge iki padha-padha migunakake tintingan Psikologi Sastra mligine psikologi Abraham Maslow.

### Sastra lan Psikologi

Teeuw (sajrone Faruk, 2015:40) ngandharake sacara *etimologis*, sastra ateges tulisan lan manungsa sarta panguripane minangka objeke. Perkara sajrone panguripane manungsa digambarake pangripta minangka ekspresi jiwa kang bisa ndadekake riptan sastra katon urip. Sastra minangka donya sosial, Plato (sajrone Faruk, 2015:47) ngandharake yen apa kang ana sajrone riptan sastra minangka asil tiruan panguripan kang nyata. Hill (sajrone Pradopo, 2013:141) riptan sastra minangka sawijine struktur kang kompleks.

Mula saka iku kanggo mangerteni luwih cethane riptan sastra, kudu ditindakake

analisis tumrap struktur-struktur kang ana sajrone riptan sastra. Hawkes (sajrone Pradopo, 2013:108) ngandharake yen sajrone nganalisis riptan sastra unsur-unsur kang mangun sastra uga diudhari. Mangkono makna sakabehe riptan sastra bisa dimangerteni kanthi gampang. Wellek (1989:40) yen karakter crita fiksi, lingkungan sarta plot kang kabentuk laras karo bebenere psikologi, amarga kadhang kala ilmu jiwa digunakake pangripta kanggo nggambarake paraga-paraga lan lingkungane. Jatman (sajrone Endraswara, 2011:97) nyengkuyung pamawas kasebut yen psikologi lan sastra nduweni sesambungan kanthi ora langsung lan fungsional.

### Psikologi Sastra

Miturute Endraswara (2011: 96), psikologi sastra minangka kajian sastra kang ndeleng sastra saka aspek kajiwan. Pangripta bakal migunakake cipta, rasa lan karsa sajrone ngripta karya sastra. Samono uga pamaos anggone nangepi riptan sastra uga ora ucul saka kajiwane dhewe-dhewe. Riptan sastra mujudake aspek-aspek kajiwan lumantar paraga-paraga yen riptan kasebut arupa prosa utawa gancaran.

### Psikologi Humanistik

Teori Psikologi Abraham Maslow digunakake kanggo mangerteni perkara-perkara sajrone urip bebrayan. Teori kapribaden Abraham Maslow ngandharake yen ta manungsa nduweni lima tataran kabutuhan. Dening Maslow (sajrone Koeswara, 1986: 117) ngandharake kabutuhan kang diwujudake sajrone limang tataran mau yaiku:

- 1) Kabutuhan fisiologis  
Maslow ngandharake yen kabutuhan fisiologis minangka kabutuhan dhasare manungsa kang paling utama. Kabutuhan dhasar fisiologis kasebut kayata kabutuhan marang panganan, omben, panggonan urip, seks, supaya bisa turu lan oksigen. Kabutuhan fisiologis minangka kabutuhan dhasar kang paling wigati kanggo nyukupi kabutuhan-kabutuhan liyane.
- 2) Kabutuhan marang rasa tentrem  
Maslow ngandharake yen kabutuhan rasa tentrem minangka kabutuhan kang dibutuhake manungsa kanggo ngolehake katentreman, kapasten, lan kahanan urip kang tumata.
- 3) Kabutuhan rasa tresna lan rasa nduweni  
Maslow ngandharake yen kabutuhan rasa tresna lan nduweni yaiku kabutuhan marang rasa tresna marang kanca, tresna

marang kaluwarga lan tresna marang lawan jinise. Semono uga kabutuhan rasa nduweni kayata kabutuhan nduweni sisihan utawa bojo.

- 4) Kabutuhan marang harga dhiri  
Maslow ngandharake yen kabutuhan marang harga dhiri yaiku kabutuhan kanggo nduweni rasa percaya dhiri, kompetisi, penguasaan, kecakupan, prestasi, pengakuan, panariman, nama baik, diregani dening liyan, ora gumantung marang liyan lan nduweni rasa merdika.
- 5) Kabutuhan kanggo *aktualisasi* dhiri.  
Mujudake kabutuhan kang wigati. Kabutuhan marang *aktualisasi* dhiri minangka rasa pangrasa kanggo yakin marang awake dhewe, yakin marang kabisan kang dadi darbeke.

Abraham Maslow (sajrone Koeswara, 1986:117) ngandharake Kabutuhan manungsa mujudake gawan alamiyah sing diduweni manungsa wiwit lair. Kabutuhan kasebut mujudake hasrat supaya bisa percaya lan yakin marang kabisan sajrone awake dhewe slaras karo kasunyatan. Abraham Maslow uga ngadharake cirri-cirine wong kang nindakake proses aktualisasi dhiri, kayata: (1) mawas kaanan, (2) nrima marang manungsa dhewe, manungsa liyane lan kodrat, (3) Spontan, sederhana lan sabaene utawa wajar, (4) Munjerake piker ana ing sawijining masalah, (5) Pemisahan dhiri lan kabutuhan privasi, (6) Mandhiri saka lingkungan, (7) kesegaran lan apresiasi, (8) Pengalaman luhur utawa pengalaman mistik, (9) Rasa paseduluran, (10) Gegayutan antar pribadhi, (11) Tepa slira, (12) Pambada antarane cara lan tujuwan, (13) Rasa humor kang filosofis, (14) kreativitas, lan sing pungkasan (15) Penolakan enkulturasi.

#### Landhesan Teori

Teori kang wis diandharake ing dhuwur bakal dijupuk saperangan kanggo dhasar nggarap panliten iki. Penganggone teori minangka landhesan panliti kanggo nganalisis salah sawijining prekara sajrone objek panliten. Teori Psikologi Humanistik Abraham Maslow minangka teori kang dadi dhasar sajrone panliten iki. Sajrone teori kasebut diandharake ngenani limang tingkatan kabutuhan, kayata kabutuhan *fisiologis*, kabutuhan marang rasa aman, kabutuhan marang rasa nduweni, kabutuhan marang harga dhiri lan kabutuhan marang aktualisasi dhiri. Panliten iki mung winates marang prekara sajrone kabutuhan aktualisasi dhirine paraga utama sajrone novel *BR* anggitane Pak Met.

Teori Psikologi Humanistik Abraham Maslow kasebut kang bakal digunakake kanggo ngandharake ngenani wujud kabutuhan aktualisasi dhiri paraga utama sajrone novel *BR*, sabab paraga utama mujudake kabutuhan aktualisasi dhirine sajrone novel *BR*, upayane paraga utama nyukupi kabutuhan aktualisasi dhirine sajrone novel *BR*, lan pepalang nalika paraga utama mujudake kabutuhan aktualisasi dhirine sajrone novel *BR*.

Saliyane iku, panliten iki mbutuhake teori panyengkuyung kanggo nganalisis objek panlitene. Teori psikologi sastra dhuweke Endraswara (2011:96) kang ngandharake menawa kajian sastra mawas karya sastra minangka aktivitas kajiwan, kang banjur digunakake panliti kanggo mangerteni isi lan makna sajrone reriptan sastra kang minangka objeke panliten.

#### METODHE PANLITEN

Panliten sajrone novel roman *BR* anggitane Pak Met kalebu panliten dheskriptif analitik kanthi pendekatan kualitatif, yaiku panliten kang ngasilake dhata arupa dhata dheskriptif. Dhata dheskriptif minangka panjlentrehane dhata kanthi gegambaran subjek panliten adhedhasar kasunyatan kang diwangsuli kanthi migunakake basa kang apik kanggo njlentrehake perkara kang ditliti. Moeloeng (2012:6) ngandharake yen panliten kualitatif yaiku panliten kang ngasilake dhata dheskriptif ngenani tembung-tembung lisan utawa tinulis, lan tindak-tanduke pawongan sing ditliti..

#### Sumber Dhata

Sumber dhata kang bakal digunakake sajrone panliten iki yaiku sumber dhata primer (utama) lan sumber dhata sekunder (panyengkuyung). Sumber dhata kang utama yaiku arupa dokumentasi novel roman *BR* anggitane Pak Met kang isih durung suwe terbit yaiku taun 2015 sasi Oktober. Dene sumber dhata kang minangka panyengkuyung yaiku sumber dhata saka saperangan buku sastra, teori sastra, teori psikologi yaiku ngenani psikologi sasta.

#### Dhata

Dhata sajrone panliten iki yaiku arupa arupa pethilan ukara lan pacelathon kang isih gayut marang kabutuhan aktualisasi dhiri paraga utama sajrone novel *BR* anggitane Pak Met. Dhata kasebut banjur dijlentrehake jumbuh marang wujud kabutuhane paraga kang ngemot anane motif psikologi.

### Instrumen Panliten

Ing panliten iki instrumen kang digunakake yaiku panliti dhewe. sajrone panliten iki panliti nduweni pangaribawa kang wigati, panliti minangka kang nggolek sumber dhata, nganalisis dhata, ngandharake dhata, nglompokake dhata, nulis asile panliten lan menehi dudutan sajrone panlitene.

### Tata Cara Nglumpukake Dhata

Teknik cara panglumpuke dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi metodhe dheskriptif analitik kanthi pendhekatan kualitatif. Dene tata cara nglumpukake dhata kaya ing ngisor iki.

- 1) Maca sumber dhata kang utama yaiku novel roman *BR Anggitane Pak Met* kanthi dibolan-baleni supaya mangerteni isi novel kaebut.
- 2) Teknik inventarisasi dhata, kanthi cara ngumpulake sumber-sumber kapustakan kang relevan marang ancasing panliten. Wujud sumber dhata sajrone panliten iki arupa tembung-tembung, ukara-ukara utawa paragraph kang ana gayutane karo underane panliten.
- 3) Teknik klasifikasi dhata, kanthi cara nggolongake dhata kang wis kapilah-pilah kang jumbuh marang tingkatan psikologi humanistik Abraham Maslow yaiku (a) wujud kabutuhan *aktualisasi* dhiri paraga utama, (b) alesane paraga utama mujudake kabutuhan *aktualisasi* dhiri, lan (c) upaya nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhiri tumrap paraga utama. Dhata kang ora ana gayutane marang underane panliten ora digunakake.

### Tekhnik Analisis Dhata

Cara pangolahe dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku kanthi cara metode dheskriptif kualitatif kanthi pendhekatan kualitatif. Tata cara analisis dhatane kayata:

- 1) Ngumpulake sakabehe dhata kang ana sajrone novel roman *BR* sing cundhuk karo paraga utamane kang mbutuhake *aktualisasi* dhiri sajrone novel roman *BR* anggitane Pak Met.
- 2) Dhata kang wis dikumpulake banjur dipilah-pilah lan diklompokake miturut undherane panliten.

3) Dhata kang wis kapilah dianalisis migunakake teori-teori kang wis diandharake.

4) Asil analisis dhata banjur weneh dudutan kang slaras marang kabutuhan *aktualisasi* dhiri tumrap paraga utama kang wis diandharake manut undherane panliten.

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

#### Gegambaran Kabutuhan Aktualisasi Dhiri Paraga Utama sajrone Novel Begjane Rustam anggitane Pak Met

Novel *BR* minangka sawijine reriptan sastra kang dianggit dening Pak Met, reriptan kang diripta umume ngenani urip lan panguripane manungsa. Paraga utama sajrone novel iki yaiku Rustam, dheweke kang nandang anane kabutuhan aktualisasi dhiri. Kaya apa kang diandharake Maslow, yen ana 15 titikan wong kang nindakake proses aktualisasi dhiri, kayata: (1) mawas kaanan, (2) nrima marang manungsa dhewe, manungsa liyane lan kodrat, (3) Spontan, sederhana lan sabaene utawa wajar, (4) Munjerake piker ana ing sawijining masalah, (5) Pemisahan dhiri lan kabutuhan privasi, (6) Mandhiri saka lingkungan, (7) kesegaran lan apresiasi, (8) Pengalaman luhur utawa pengalaman mistik, (9) Rasa paseduluran, (10) Gegayutan antar pribadi, (11) Tega slira, (12) Pambada antarane cara lan tujuwan, (13) Rasa humor kang filosofis, (14) kreativitas, lan sing pungkasan (15) Penolakan enkulturasi. Titikan kang diandharake Maslow kasebut ora kabeh ana sajrone novel *BR*. Panliti mung nemokake patang titikan kang onjo yaiku Kabutuhan *Aktualisasi* Dhiri lumantar Mandhiri saka Lingkungan, Kabutuhan *Aktualisasi* dhiri lumantar rasa paseduluran, Kabutuhan *Aktualisasi* Dhiri lumantar mawas kaanan lan sing pungkasan yaiku Kabutuhan *Aktualisasi* Dhiri lumantar tepa slira.

#### Kabutuhan Aktualisasi Dhiri lumantar Mandhiri saka Lingkungan

Manungsa-manungsa kang kanthi proses *aktualisasi* dhiri khusus kang mandhiri saka lingkungan, manungsa kasebut ora nggantugake kapuasan-kapuasane kang utama marang liyan utawa lingkungane. Manungsa kasebut luwih gumantung marang potensi-potensine sajrone proses uripe. Manungsa kudu bisa mandhiri, merdeka, aktif lan tanggung jawab. Saliyane iku manungsa kang mandhiri saka lingkungan biyasane

dheweke kasil dadi manungsa kang disiplin anggongone nemtokake nasib dhewe.

Perangan kabutuhan *aktualisasi* dhiri mligine lumantar mandhiri saka lingkungan uga bisa dideleng sajrone novel *Begjane Rustam* kasebut. Wujud kabutuhan *aktualisasi* dhiri lumantar mandhiri saka lingkungan dituduhake lumantar paraga utama yaiku Rustam. Tuladhane nalika tumekane prakara ekonomi kaluwargane Rustam sarta bab wragad urip ing kutha gedhe nalika dheweke nduweni gegayuhan kanggo nerusake sekolah ing Jurusan otomotif kang anane ing kutha Ngayogyakarta. Bab kasebut kang njalari tuwuhe kabutuhan *aktualisasi* dhiri marang dhiri pribadhine Rustam, jalaran anane perkara bab wragad kanggo urip ing kutha gedhe kasebut bisa ngancem tekade Rustam kanggo nggayuh impene kang kepengin sekolah ing jurusan otomotif kang ana ing kutha gedhe yaiku Ngayogyakarta.

#### **Kabutuhan Aktualisasi Dhiri lumantar Rasa Paseduluran**

Manungsa kang kanthi *aktualisasi* dhiri kadang kala nduweni rasa welas, sedhih, nesu, lan ora trima marang cacat utawa kurange manungsa, nanging dheweke tansah nduweni sesambungan emosional kang jero marang sapa dhane. Konsekuensine, wong kang kanthi *aktualisasi* dhiri dheweke nduweni rasa welas lan pepenginan kanggo awèh pambiyantu marang manungsa liyan. Wong kang kanthi *aktualisasi* dhiri uga ngrekadaya murih bisa ngrubah manungsa liya kang kurang bener. Tumrap manungsa kang kanthi *aktualisasi* dhiri, sepira cacat, kurang lan bodhone manungsa yaiku sapa dhane kang tansah nduweni pangrasa lan rasa paseduluran. Anggongone ngrekadaya murih bisa ngrubah manungsa liya kang kurang bener biyasane kanthi maneka cara, amarga ora kabeh manungsa nduweni niat lan tumindak kang padha. Tuladhane nalika Rustam nerusake sekolahe ing Yogya tansah urip melu Bapak saha Ibu Jumadi kang penggaweane saben dina mbukak Warung Gudheg. Rustam mbuktekake marang kabutuhan *aktualisasi* dhirine kanggo awèh pambiyantu ndandani warung gudheg kasebut. Rustam kasil ngrekadaya ndadekake warung gudheg dadi warung kang misuwur kanthi pranata kang wis tumata. Rustam kasil ndandani warung gudheg kasebut marga nduweni niyatan supaya langgeng anggongone usaha wewarungan. Rustam uga kasil ngupaya saka anggongone seneng maca, saka pengalamane dhewe, saka sesrawungane, lan saka anggongone namatake usaha sarta kabutuhane liyan.

#### **Kabutuhan Aktualisasi Dhiri lumantar Mawas Kanaan.**

Manungsa kang kanthi proses *aktualisasi* dhiri biyasane bisa mawas realitas kang dumadi, uwal saka pepenginan-pepenginan utawa angarep-arepe. Manungsa kang kanthi *aktualisasi* dhiri, dheweke nduweni kawasisan ngerteni samubarang kang ora pener, palsu, sarta tumindak cidra marang liyan kanthi gampang. Kayata mangerteni wewadi-wewadi lan anane tumindak culika sajrone panguripane dhewe utawa liyan. Maslow uga ngandharake manungsa-manungsa kang kanthi *aktualisasi* dhiri umume bisa ngramal prastawa-prastawa kang bakal dumadi kanthi pener. Konsekuensine, wong kang kanthi *aktualisasi* dhiri nalika dheweke meruhi samubarang kang ora pener, palsu, sarta tumindak cidra marang liyan kanthi gampang, dheweke nduweni rasa welas lan pepenginan kanggo awèh pambiyantu marang manungsa liyan. Pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri uga ngrekadaya murih bisa ngrubah manungsa liya kang kurang bener.

Tuladhane nalika Rustam meruhi wewadi lan perkara hubungane Mbak Yayuk lan Pak Tok kang ana sangkut paut marang dhiri pribadhine Rustam, dheweke nyoba mawas wewadi kasebut marang kanaan sanyatane kanthi gampang. Kabisane Rustam mawas kanaan, ndadekake dheweke ora gojag-gajeg anggongone nggoleki sisik melike wewadine Pak Tok lan Mbak Yayuk sing disangkut-pautne marang panguripane Rustam. Rustam minangka pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri, dheweke ora kepengin tujuwan uripe kang utama kanggo ngrembakake proses uripe supaya bisa mulya lan jejibahane kanggo nerusake sekolah ing kutha gedhe ora kaleksanan. Kabisane Rustam kanthi mbuktekake kabutuhan *aktualisasi* dhirine bisa kagunakake kanggo ngadohake dheweke marang tumindak culika.

#### **Kabutuhan Aktualisasi Dhiri lumantar Tapa Slira**

Maslow (sajrone Koeswara, 1986:177) ngandharake yen manungsa kang kanthi *aktualisasi* dhiri nduweni tapa slira, amarga manungsa kang kanthi *aktualisasi* dhiri merdika saka rasa sujana marang liyan, manungsa kang kanthi *aktualisasi* dhiri uga nduweni rasa hormat kang gedhe marang liyan. Tuladhane nalika Rustam njlentrehake bab perkarane Mbak Yayuk lan Pak Tok yaiku nalika



ngudhari wewadi sing sajak ana sangkut paute marang panguripane Rustam. Bab apa wae kang diweruhi dening Rustam kabeh diaturake Rustam marang Pak Tok. Masiya dheweke wis kenal banget karo Bu Handayani minangka atasane Pak Tok sarta Bu Ayu Sunarto minangka garwane Pak Tok, nanging Rustam isih ngormati Pak Tok. Rustam nyidhem apa wae kang wis diweruhi kabeh saka Bu Handayani lan Kaluwargane Pak Tok. Rustam mung kandha marang Mbak Yayuk lan Nani. Senajan Rustam cuwa nanging Rustam isih mikirake Pak Tok lan kaluwargane supaya wewadi lan perkara sing ana ora ndadekake rusake kluwargane Pak Tok.

### **Sabab Mujudake Kabutuhan Aktualisasi Dhiri sajrone Novel Roman Begjane Rustam anggitane Pak Met**

Problem saka kabutuhan *aktualisasi* dhiri tuwuh nalika durung kacukupane kabutuhan aktualisasi dhirine paraga. Durung kacukupane wujud kabutuhan *aktualisasi* dhiri paraga ndadekake paraga kasiksa jiwa lan ragane kang bisa wae katandhang dening manungsa ing panguripan sabendinane. Pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri umume mbuktekake anane kabutuhan *aktualisasi* dhiri jalaran dheweke rumangsa kaiincim marang kahanan kang ana, sing bisa ndadekake dhiri pribadhine tansah ngrasakake sumelang. Saliyane iku anane rasa kurang puas marang kabisane, anane pepenginan utawa gegayuhan kang gedhe sing kudu kaleksanan uga bisa njalari sawijine pawongan mbuktekake kabutuhan *aktualisasi* dhirine. Senajan kadhang kala rasa kasebut tuwuh nalika bebarengan marang tumekane perkara kang ana sangkut paute marang panguripane dhewe utawa panguripane liyan.

Prakara panguripan kang tuwuh kasebut ndadekake paraga utama kasiksa jiwa lan ragane amarga kabutuhan *aktualisasi* dhirine durung sapenuhe kacukupan. Rustam minangka paraga utama sajrone Novel Roman Begjane Rustam kepengin mbuktekake kabutuhan *aktualisasi* dhirine slaras marang potensi lan kabisan kang dadi darbeke. Dheweke kepengin mbuktekake anggone nggayuh pepenginane sekolah ing kutha gedhe kasil tanpa ngrepotake wong tuwane, tanpa gumantung marang liyan. Rustam uga kepengin mbuktekake yen dheweke bisa sukses, bisa urip mandhiri lan wewadi sajrone hubungane Mbak Yayuk lan Pak Tok iku ora ana sangkut paute marang Rustam.

### **Rasa Kuwatir**

Rasa kuwatir minangka rasa-pangrasa kang diduweni manungsa nalika dheweke durung kacukupan marang kabutuhan *aktualisasi* dhirine. Rasa kuwatir uga asring tuwuh sajrone panguripane manungsa nalika wujud respon dhiri marang kahanan paguripan kang sawayah-wayah bisa nuwuhake bebaya. Tuladha sajrone Novel *BR* kang nggambarake paraga Rustam kang nduweni rasa kuwatir nalika Rustam durung kacukupan marang kabutuhan *aktualisasi* dhirine, yaiku kepengin nerusake sekolah jurusan mesin ing kutha Ngayogyakarta. Rustam pancen wis tau kandha marang wong tuwane yen bakal sekolah karo golek panggaweyan kang bisa kanggo urip ing kutha gedhe. Rustam uga wis tau matur yen kurangane wragad bakal ditanggung dhewe. Anane pepalang kanggo wragad urip ing kutha gedhe kasebut bisa ngancem tekade Rustam kanggo nerusake sekolahe. Dheweke ora kepengin tekade nglanjutake sekolah mesin gagal. Uripe bisa ora jenjem mung mikir kepriye kanggo nyukupi kekurangan lan urip mbesuke.

### **Rasa Wedi**

Sabene pawongan bisa wae nduweni pangrasa wedi nalika dheweke nemahi prekara ana panguripane. Pangrasa wedi bisa digambarake minangka hananan kajiwane manungsa nalika dheweke meruhi perkara utawa kahanan nalika sawijining pawongan wis nate ngalami perkara utawa kedadeyan-kedadeyan kang nyata. Biyasane wong kang nemahi rasa wedi saka pandelenge, pangrungu lan pangrasane, ndadekake dheweke banjur ngedohi prastawa kang ora dikepenginke.

Novel *BR* kang nggambarake paraga utama yaiku Rustam nduweni rasa wedi. Rasa wedine Rustam tuwuh jalaran kabutuhan *aktualisasi* dhirine durung kacukupan. Rasa wedine Rustam tuwuh nalika dheweke nemahi bebaya sajrone proses pangrembakane uripe. Rustam kepengin tekade bisa nerusake sekolah ing sekolah mesin kaleksanan. Pepalang kang ana kasebut kang bisa ngancem kajiwane manungsa. Lumantar tuwuh pangrasa wedi misale. Rustam wedi nalika lagi wae nemahi jejibahan tansah meruhi wewadi antarane Mbak Yayuk lan Pak Tok. Sing ndadekake ora jenjeme Rustam, wewadi kasebut disangkut pautake marang dhiri pribadhine Rustam.

### **Rikuh**

Sabene pawongan kang nandang problem merga kabutuhan *aktualisasi* dhirine durung kacupukan mesthi nduweni rasa rikuh

sajrone dhiri pribadhine. Jalaran dheweke nduweni rasa mangu-mangu sabene arep tumindak. Kaya kang dijlentrehake Sudaryanto, (2001:894) yen rasa rikuh minangka rasa semu isin. Rasa Rikuh kang dadi problem saka kabutuhan *aktualisasi* dhirine Rustam tuwuh saka rasa sumelange. Dheweke tansah rikuh sabene arep tumindak. Rustam samar yen bakal ana bebaya maneh. Rustam krasa ora jenjem ndak ndadekake tumindake mengko sarwa salah, salah pangira lan salah penampun. Kagambarake nalika Rustam meruhi wewadi antarane Mbak Yayuk lan Pak Tok kang disangkut pautne marang dhiri pribadhine Rustam. Rustam sumelang yen anane tudingan marang dhiri pribadhine bisa ngancam tekade Rustam sajrone nggayuh impene kanggo nerusake sekolah ana jurusan mesin otomotif ing kutha Ngayogyakarta. Tudingan kasebut kang bisa ndadekake wong tuwane sarta Bapak Ibu Jumadi kang wis kersa paring panjurung bisa ora percaya maneh marang dhiri pribadhine Rustam.

#### **Upaya Paraga Utama Nyukupi Kabutuhan Aktualisasi Dhiri sajrone Novel Roman Begjane Rustam anggitane Pak Met**

Upayane paraga utama kanggo nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhiri minangka upaya-upaya kang ditindakake dening paraga kanggo nyukupi saperangan kabutuhan *aktualisasi* dhiri sajrone nemtokake uripe. Upayane paraga utama anggone nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhirine kanthi maneka warna carane. Upaya kasebut bisa awujud upaya lair utawa batin.

#### **Urip Mandhiri**

Pawongan kang kepengin tekade kasil kaleksanan kudu bisa lan kudu gelem urip mandhiri. Apa kang dadi gegayuhane kudu bisa buktekake dhewe senajan kudu banget rekasa kanggo bisa oleh asil sing maremake. Biyasane wong kang kanthi *aktualisasi* dhiri ora nggantungake kapuasan-kapuasane kang utama marang liyan utawa lingkungane. Pawongan kang kepengin mbuktekake kabutuhan *aktualisasi* dhirine kudu bisa gumantung marang potensi-pontesine sajrone proses pangrembakaning pribadhi lan proses uripe. Wong sing gelem urip mandhiri minangka wong sing bakal bisa nemtokake nasibe dhewe.

Wujud urip madhirine Rustam bisa dideleng nalika dheweke kepengin mbuktekake kabutuhan *aktualisasi* dhirine

kanggo bisa sekolah ing sekolah jurusan mesin ana kutha Ngayogyakarta. Rustam kudu ngupaya nalika dheweke nemahi pepalang kurange wragad sekolah lan sangu urip ing kutha gedhe. Rustam kudu bisa urip mandhiri supaya tekade nerusake sekolah mesin ora gagal lan bisa kaleksanan. Rustam uga wis tau matur marang bapake yen kurange wragad bakal ditanggung Rustam, dheweke nduweni rancangan sekolah lan nyambut gawe apa wae kang halal lan ora ngganggu sekolahane.

#### **Gelem Srawung**

Pawongan kang kanthi aktualisasi dhiri yen kepengin kabutuhan *aktualisasi* dhirine kacukupan, dheweke kudu bisa ngupaya kanggo mbuktekake. Salah sijie kudu gelem srawung marang liyan. Asile srawung marang liyan saliyan nambahi kawruh uga bisa ndadekake sawijining pawongan kang nduweni pangrasa sosial. Pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri uga minangka pawongan kang merdika saka rasa sujanane marang liyan. Pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri uga gelem sinau marang sapa wae kang bisa aweh panggulawenthah. Anggone sinau marang liyan uga ora mawas derajat, pendhidhikan, umur, ras, apadene keyakinan-keyakinan politik.

Kanggo mbuktekake kabutuhan *aktualisasi* dhirine, Rustam gelem srawung marang liyan. Anggone Rustam srawung uga ora pilih-pilih. Rustam mbuktekake kabutuhan *aktualisasi* dhirine uga umantar anggone srawung marang liyang. Rustam bisa oleh kawruh linuwih bab panguripan sing bisa didadekake kaca benggala tumrap dhiri pribadhine Rustam.

#### **Menging Liyan**

Menging liyan ateges ngelingake liyan kanggo tumindak ngati-ati. Menging yakuwi nglarang kanggone sawijining pawongan bakal nglakokake tumindak. Pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri biyasane menging merga kepengin aweh pambiyantu marang pawongan liyanane. Merga wong kang kanthi *aktualisasi* dhiri tansah nduweni rasa paseduluran kang gedhe. Dheweke tansah ngeman lan welas marang sapa dhane. Pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri menging uga kanggo kabecikan uripe lan wong liya.

Rustam minangka pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri mangerteni yen sajak Pak Tok tumindak ora pener, palsu lan sajak tumindak cidra marang Mbak Yayuk, ndadekake Rustam kepengin menging Mbak

Yayuk supaya tumindak ngati-ati. Mbak Yayuk pinangka pawongan kang wis dianggep gantine wong tuwane nalika Rustam nerusake sekolah ing Ngayogyakarta, mula Rustam sajak welas, sedhik, lan ora trima marang tumindake Pak Tok marang Mbak Yayuk. Rustam kepengin aweh pambiyantu kanggo nyadharake Mbak Yayuk saka wewadine Pak Tok. Rustam menging Mbak Yayuk, dheweke kepengin anggane hubungan asih katresnane Mbak Yayuk marang Pak Tok dipunthes nganti semene wae. Rustam nyoba aweh panemu marang lelakon uripe Mbak Yayuk. Merga Mbak Yayuk durung mangerteni wewadi kang ana.

### **Ngelingake Liyan**

Ngelingake liyan minangka upaya kang bisa ditumindakake kanggo mbuktekake kabutuhan *aktualisasi* dhiri. Pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri tansah nduweni rasa sosial lan paseduluran kang gedhe. Pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri uga seneng aweh pitulungan slaras marang kabisan lan potensi kang dadi darbeke. Anggone ngelingake liyan uga kanggo kabecikan tumrap dhiri pribadhi utawa liyan.

Wujud tumindake Rustam kanggo ngelingake liyan nalika dheweke mawas marang kahanane Tono kang lara wuyung nganthi banget sajak cuthel kekarepane ora gelem sekolah, Rustam sajak nesu lan ora trima, umpama dheweke kang kaya mangkono mula kepriye pangrasane wong tuwa kang wis paring pangestu, dedonga lan ngidini anake nerusake sekolah ing kutha gedhe lan sithik-sithik aweh wragad kanggo mbiyantu yen kasunyatanane sing dipercaya malah nguciwani lan ora bisa nyenengake atine wong tuwa. Rustam mangerteni kahanan kang kaya mangkono, mula kanthi aktualisasi dhirine Rustam ngelingake Tono supaya sadhar lane ling marang tekade menyang Yogya kanggo apa, lan eling marang wong tuwane kang wis nyekolahake anake dhuwur-dhuwur menyang sekolah kang dikekarepake.

### **Njaluk Pangestu**

Pawongan kang kepengin mbuktekake kabutuhan aktualisasi dhirine kudu bisa gumantung marang potensi-pontesine sajrone proses pangrembakaning pribadhi lan proses uripe. Wong sing gelem urip mandhiri minangka wong sing bakal bisa nemtokake nasibe dhewe. Saliyane bisa urip mandhiri, njaluk pangestu pinangka tumindak kang becik kanggo nyengkuyung upaya liyane. Kabeh wae tumindak kang dipangestoni

dening wong tuwa dening wong liyan kang wis dipercaya ndadekake tentreming manah. Anggone tumindak dadi ora mangu-mangu, bisa nambahi rasa wani kanggone arep jumangkah. Asile kanggone mujudake tekad bisa luwih gampang lan lancar.

Rustam kang ora lali kanggone njaluk pangestu marang wong tuwane. Rustam nduweni jejibahan kanggo kepengin bisa nerusake sekolahe ing kutha gedhe. Rustam njaluk pangestu marang Bapak supaya jejibahane diijabahi dening Gusti Allah. Anggone Rustam njaluk pangestu ora mung sadherma migunakake pangestu wae kanggone mbuktekake kabutuhan aktualisasi dhirine. Rustam uga kudu ngupaya nindakake pakaryan kang bisa nyengkuyung kanggone ngayahi jejibahan. Nerusake sekolah mesin wis dadi tekade Rustam lan kekirangane Rustam wis janji yen bakal ngupaya dhewe. Rustam uga nduweni rancangan sekolah lan nyambutgawe apa wae sing halal lan ora ngganggu sinaune

### **Ndonga marang Gusti**

Donga marang Gusti pinangka upaya kang paling mujarab. Kabeh pawongan kang tansah mbruwet pikire, tansah judheg atine, tansah nemahi perkara sajrone uripe bisa tentrem yen gelem ndedonga marang Gusti. Dedonga marang Gusti ateges dheweke njaluk pituduh lan pitulungan marang Gustine. Rustam minangka pawongan kang kanthi *aktualisasi* dhiri tansah eling marang Gustine. Eling marang sing kuwasa sajrone uripe Rustam. Pawongan kang nduweni kabutuhan *aktualisasi* dhiri kaya Rustam pancen kudu ngupaya anggane nggayuh jejibahane. Ora mung upaya kanthi lahir wae nanging uga disengkuyung karo upaya batine, yaiku kanthi ndedonga marang Gusti.

Wujud upayane Rustam ndonga marang Gusti kabukti nalika Rustam ketampa sekolah STM YK jurusan mesin kaya kang wis dadi impen-impene, dheweke tansah ngucapake syukur. Tembung Alhamdulillah minangka tembung kang diucapake sawijining pawongan kang kanthi agamane bubar nampa kabegjan utawa nampa kabar apik. Rustam kang wis oleh kabar yen ketampa banjur ora lali marang Gustine. Tumindake Rustam kanggo ngangkat kloron tangane nggambarake yen dheweke tansah ndedonga marang Gustine kanthi ngucap Alhamdulillah. Rustam uga ngaturake sembah agunge panuwun marang Gusti kang wis paring rahmate marang Rustam. Kabutuhan *aktualisasi* dhirine Rustam kanggo nerusake sekolah wis kasil.

**Pepalang Nalika Paraga Utama Ngupaya Nyukupi Kabutuhan Aktualisasi Dhiri sajrone Novel Roman Begjane Rustam anggitane Pak Met**

Saben pawongan mesthi nduweni karep kang maneka warna sing nduweni pengaruh tumrap panguripane. Saben pawongan kang kepengin uripe kepenak lan kepengin kasil gegayuhane kudu gelem rekasa, yaiku kanthi ngupaya nyukupi kabutuhan-kabutuhane. Paraga utama sajrone Novel Roman Begjane Rustam kanggo nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhiri kanthi pirang-pirang cara kanggo ngupaya mbuktekake gegayuhane anggone urip mandhiri, nerusake sekolah otomotif ing kutha Yogaya supaya bisa kasil. Anggone ngupaya mesthi ana pepalange, kaya dene nalika paraga utama meruhi wewadi kang disangkut pautne marang panguripane, saliyané iku anane perkara ekonomi kang ditandang paraga utama nalika dheweke kepengin nggayuh keparepane kanggo nerusake sekolah otomotif ing kutha Yogya, lan anane pepalang nalika paraga utama dituduh dening paraga liya kang bisa njalari proses pangrembakane uripe gagal. Sakabehane pepalang-pepalang mau bisa ngancam jiwa lan ragane paraga utama kanggo mbuktekake kabutuhan aktualisasi dhirine.

**Wragad Urip**

Wragad urip pinangka bab kang wigati kanggone sawijining pawongan ngrembakake proses uripe. Sabene pawongan urip ing alam ndonya pancen mbutuhake wragad. Apa maneh yen adoh saka wong tuwa. Wragad urip yen bisa kacukupan bakal nyengkuyung panguripane kanggo sabanjure. Krisis ekonomi sajrone kaluwargane Rustam bisa ngancam tekade Rustam kanggo nerusake sekolah STM jurusan mesin otomotif sing dikekarepake ing kutha Ngayogyakarta.

Wragad urip kang ndadekake Rustam mbuktekake lan mujudake kabisan sarta potensi kang dadi darbeke sing njalari tuwuhe kabutuhan aktualisasi dhiri. Rustam bisa sithik-sithik nambah wragad kanggo sangu uripe ing kutha gedhe lumantar ngedol pitik ingon-ingone. Rustam mawas marang kahanan ekonomi kaluwargane yen ta dheweke kudu nglenggana marang kekurangan kang dumadi. Kabeh manungsa kalebu Rustam satemene uga ora kepengin kekurangan wragad urip nanging amarga tuntutan ekonomi kaluwargane Rustam tansah ngrekadaya kanggo nyukupi lan nutupi kakurangan kasebut.

**Meruhi Wewadi**

Wewadi minangka bab kang bisa njalari tuwuhe bebaya tumrap dhiri pribadhi utawa liyan. Wewadi bisa ndadekake tuwuhe rasa sumelang kang wusanane ndadekake urip ora jenjem. Wong sing kajiwane ora tatag bisa ndadekake stress lan rasa wedi, monga-mangu anggone arep tumindak. Apa maneh wewadi kang ana sangkut-paute marang dhiri pribadhine.

Pawongan kang kanthi aktualisasi ora kepengin uripe cedhak karo perkara-perkara sing bisa wae njalari tuwuhe bebaya sajrone proses pangrembakane uripe. Dheweke kepengin uwal saka sakabehe perkara. Rasa kuwatire Rustam tuwuh nalika dheweke wis kasil weruh sisik melike perkara. Weruh marang wewadine Pak Tok lan Mbak Yayuk. Rustam kuwatir apa kang wis diweruhi dheweke marang wewadi kasebut yen ora dikandhakake marang Mbak Yayuk ndak ndadekake uripe ora jenjem. Bisa wae ndadekake Rustam rumangsa salah, rikuh anggone tumindak nalika meruhi Mbak Yayuk kang akeh mbiyantu uripe Rustam ing kutha gedhe tansah dicidrani dening pacangane yaiku Pak Tok.

**Tudingan**

Tudingan minangka sawijine pepalang sajrone panguripane manungsa kang ateges nuduh. Ana tudingan kang ana sabab-musababe lan ana tudingan kang tanpa sabab. Tudingan kang ana sababe ateges wis ana buktine. Dadi pawongan kang dituduh kanthi ana sababe kudu bisa lila legawa, nrima lan sadhar dhiri. Dene tudingan sing tanpa sebab, bisa ndadekake sawijining pawongan rumangsa ora trima lan nesu. Uripé tansah ora jenjem.

Nalika lagi wae ngayahi proses pangrembakane urip banjur ana tudingan, ndadekake Rustam ora jenjem. Tudingan kang ora pener bisa ndadekake Rustam kaiincim jiwa lan ragane. Bisa ngganggu sekolah lan anggone nyambut gawe. Apa maneh yen nganti tudingan kasebut krungu tekan wong tuwa lan wong liyan sing ana sangkut-paute marang panguripane Rustam, bisa ndadekake salah penampa lan ndadekake kuciwa. Sapolah tumindake Rustam bisa ora dipercaya lan tekade bisa ora kasil.

Tuladhane nalika Rustam dituduh dening Pak Tok. Ora weruh apa jalarane dumadakan Pak Tok ngantem raine Rustam nganti Rustam klaran. Pak Tok uga nuduh Rustam sing sok nyampuri urusane liyan. Pak Tok banjur ngantem maneh diarah marang

wetenge Rustam. Tudingane Pak Tok kalebu tudingan kang ora ana sabab-musababe. Ora ana jalarane dheweke milara Rustam. Rustam kang nalika iku dipilara tanpa ana sab mung bisa mbatin.

## PANUTUP

### Dudutan

Dudutan kang bisa dipethik saka asile panliten ing novel *Begajane Rustam* anggitane Pak Met kanthi tintingan *psikologi humanistik* Abraham Maslow kaperang dadi papat. Asile panliten kasebut cundhuk karo underane panliten.

Asile panliten ngenani wujud kabutuhan aktualisasi dhiri paraga utama Rustam pranyata luwih nengenake *kabutuhan aktualisasi dhiri lumantar mandhiri saka lingkungan*.

Kabutuhan *aktualisasi* dhiri kang durung kacukupan bisa nuwuhake saperangan problem. Novel *BR* iki ngandharake problem-problem kuwi kayata rasa kuwatir, rasa wedi lan rikuh. Problem kang paling onjo sajrone novel *BR* tinimbang problem-problem liyane yaiku problem rasa kuwatir.

Saka sakabehe problem kang ana nalika kabutuhan aktualisasi dhiri durung bisa kacukupan, ndadekake paraga utama mujudake upaya-upaya kanggo nyukupi kabutuhan aktualisasi dhirine. Upaya-upaya kang ana sajrone novel *BR* iki kayata upaya kanthi urip mandhiri, gelem srawung marang sapa wae, njaluk pangestu, menging liyan, ngelingake liyan lan donga marang Gusti. Sakabehe upaya kanggo nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhiri kang katandhang dening paraga utama sajrone novel *BR* yaiku upaya kanthi urip mandhiri.

Saka sakabehe upaya kang ditumindakake paraga utama kanggo ngrampung problem anggone nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhirine wis kaleksanan. Paraga utama wis bisa nggayuh kabutuhan *aktualisasi* dhirine kanggo netepi jejibahane nerusake sekolah lan golek wragad urip ing kutha gedhe. Kabukti yen dheweke kasil sekolah ana STM YK jurusan mesin nganti lulusan lan ora kurang wragad malah bisa nduweni usaha mitran karo warung gudheg yaiku usaha leladen bisnis catering kanthi aran "Nak Mas lan Ni Mas", senajan anane pepalang kang tansah ngganggu usahane. Pepalang kang ana sajrone paraga utama sajrone novel *BR* nyukupi kabutuhan *aktualisasi* dhirine kayata wragad urip, meruhi wewadi lan anane tuduhan.

## Pamrayoga

Panliten ngenani kabutuhan *aktualisasi* dhiri kang ana sajrone novel *Begjane Rustam* anggitane Pak Met taun 2015 iki kaajab bisa kanggo nambahi wawasan ngenani panliten mligine sastra Jawa modern, senajan kang ditliti amung sethithik lan kurange kawruh. Panliten iki uga bisa kanggo nambah kawruh lan piguna tumrap pamos kanggo ngripta lan ngrembakakake nliti sastra sabanjure. Saliyane iku panliten iki uga bisa kanggo nambahi pangembrakane analisis sastra khusus bab kajiwane para paraga kang bisa didadekake kaca pangilon tumrap panguripane manungsa lumantar kajian *psikologi humanistik* Abraham Maslow.

Panliti sadhar dene panliten iki isih adoh saka sampurna. Kala-kala ana lupute bab kawruh, bab tata tulis, apa maneh bab basane, mula panliti banget ngarep-arep anane pitedah kang asipat mangun lan migunani tumrap panliten iki lan sabanjure ngenani psikologi sastra mligine kabutuhan *aktualisasi* dhiri kanthi luwih becik.

## KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2014. *Psikologi Kepribadian (Edisi Revisi)*. Malang: UPT Penerbitan Universitas Muhammadiyah Malang.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metode Penelitian Psikologi Sastra Teori, Langkah dan Penerapannya*. Yogyakarta: MedPress.
- Endraswara, Suwardi. 2013a. *Metodologi Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Jakarta: CAPS (Center for Academic Publishing Service).
- Endraswara, Suwardi. 2013b. *Metode Penelitian Psikologi Sastra teori, Langkah dan Penerapannya*. Yogyakarta: Med Press.
- Faruk. 2015. *Pengantar Sosiologi Sastra (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Feist, Jess & Feist, Gregory J. 2011. *Teori Kepribadian (Edisi 7)*. Jakarta: Salemba Humanika.
- Koeswara. 1991. *Teori-teori Kepribadian*. Bandung: PT Eresco.
- Met. 2015. *Begjane Rustam*. Bandung: Guepedia.

- M. Nazir. 2003. *Metode Penelitian*. Jakarta: Ghalia Indonesia. Skripsi Universitas Negeri Surabaya.
- Moelong, Lexy J. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Penerbit Remaja Rosdakarya. Wellek Ian Weren. 1990. *Teori Kasusastran* (Indonesia oleh Melani Budianta). Jakarta: Gramedia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2013. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rahmawati, Linta Dwi. 2016. *Rasa Tentrem sajrone Cerbung Nrima Ing Pandum Anggitane Sutarmanto: Tintingan Psikologi Humanistik Abraham Maslow*. Surabaya: Skripsi Universitas Negeri Surabaya.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Setyaningsih, Trias. 2011. *Aktualisasi Dhiri Paraga-Paraga utama sajrone Kumpulan Crita Cekak Pulo Asu Anggitane Herwanto: Tintingan Psikologi Humanistik Abraham Maslow*. Surabaya: Skripsi Universitas Negeri Surabaya.
- Sudaryanto, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa DIY.
- \_\_\_\_\_. *Kamus Indonesia-Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D)*. Bandung: Alfabeta.
- Susanto, Edi. 2016. *Kabutuhan Rasa Aman Paraga Utama sajrone Cerbung Srengenge Tengange Anggitane Narko Budiman: Tintingan Psikologi Humanistik Abraham Maslow*. Surabaya: